Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 29 (6609) 16 июль 2018 с. Итни ЗулкъагIида 1439 с. Багьа 5 гъур.



ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Афгъаналъулазул шартIал лъикIлъизари, нухал къачIай, магIишатазе квербакъи ...

### Бакълъулазул районалда гIадамал къабул гьаруна Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министрас

**Бакълъулазул районалда гIадамал къабул гьаруна Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министрасул ишал тIуразарулев Расул Ибрагьимовас.**

ГIадамаз рорхана социалияб политикаялда, хIалтIудалъун хьезариялда, инвалидазе хъулухъ гьабиялда хурхарал ва цогидалги кIвар бугел суалал.

ГIадамал къабул гьаруна районалъул администрациялда. Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министрасул ишал тIуразарулев Расул Ибрагьимовасда цадахъ рукIана Гумбет районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиев, районалъул администрациялъул аппараталъул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереев, ЦЗНалъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIманов, УСЗНалъул нухмалъулев МухIамадрасул Эсенбулатов, ЦСОНалъул нухмалъулев Абакар МухIамадов ва цогидалги.



Россиялъул гIаммаб жамгIияб «Рагъул инвалидал» гIуцIиялъул Гумбеталъул отделениялъул нухмалъулев, Афгъанистаналда рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи МухIамадрасул Сулаймановас борхана рагъухъаби-интернационалистазул рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIлъизариялъул хIакъалъулъ суал. Гьебго суал борхана Игьали росулъа ГIабдулхIамид ГIабдулхIамидовас ва цогидазги.

Бакълъулазул районалда унел руго тIасияб зонаялъул росабалъе газ бачиналъул хIалтIаби. «Сельсовет “Цилитлинский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер ГIалихан ДавудхIажиевас бицана МелъелтIа-ЦIиликь газил мухъ бачине ракь батIа гьабиялъул суалал тIуразариялъулъ дандчIвалел захIмалъабазул ва гьарана гьеб ишалъульги Сивухъ-ЦIиликь нухалъе хъулухъ гьабиялъеги кумек гьабеян.

МелъелтIа росулъа МухIамадкамил МухIамадовас гIарз бахъана социалиял хъулухъазул пакетазул тариф цIикIкIинабизе хIажат бугилан. Мурад Расуловас цIехана санаториялгун курорталъулал путевкаби лъие кьолелан. Гьоркьохъеб школалъе балеб мина лъугIизаби, газ бачин, росулъ жанисан канализация бахъи, МелъелтIа-Аргъвани лъим бачарал рогIразе ремонт гьаби, росулъ электромухъ цIигьаби, Сагъри - ЦIияб Аргъвани нухда хъил тIей ва балансалде боси – гьел ва цогидалги суалал рорхана «Сельсовет “Аргванинский”» росдал поселениялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас.

Гъоркьа, ТIаса, Бакьулъ Гьарадирихъ росаби руго ралъдал гьумералдаса 1700 ялдаса цIикIкIун метралъ борхалъуда. Гьава-бакъалъул захIматал шартIазда бачуна гьез магIишат. «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул бетIер Камил Шапиевас абуна хIалтIи гьечIезул цIидасан хъвайхъвагIай гьаби гIуцIизе хIажат бугин, электротокалдалъун хьезариялъул ва автотранспорт хьвадулел нухал къачIаялъул суалалги рорхана.

Гъоркь Инхо росулъ хIалтIулеб буго футбол хIалеб байдан, амма росуцоязул гьелде хIажалъи бугониги, гьечIо спортивияб секция. Гьеб суал борхиялда цадахъго, Гъоркь Инхо росдал бетIер МухIамад Ибрагьимовас гьарана гъоркьияб зонаялда цIа свинабулеб машинаялъул шоферасул штат рагьеян. Росу цIилъизабиялъе, гIолилазе шартIал чIезариялъе, нухазе, лъим бачарал ЖКХялъул объектазе хъулухъ гьабиялъе, росдал магIишаталъул нигIматал ричиялъе, магIарухъа гIадамал гочинчIого рукIиналъе санагIалъаби гIуцIиялъул суалал рорхана Килалъ росдал бетIер АхIмад Каримовас.

«Сельсовет “Цунди-Щабдухский”» росдал поселениялъул бетIерасул заместитель Мавлидин Мурадовас бицана МелъелтIа – ИчичIали шагьра нухлул халалъи 24 км бугин ва захIматаб участок букIиналъ кидаго ремонт гьабизе кколин. Абуна гьединго интерненталъул, мобильнияб бухьеналъул качество борхизаби, газ бачин хехлъизабизе хIажат бугин. Игьали росулъа АхIмад МухIамадгъазиевас гьарана гIемер лъимал ругеб хъизаналъе материалияб кумек.

Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиевас абуна росулъе лъим бахъизе кумек гьабеян. «Село Данух» росдал поселениялъул бетIер МухIамад КъурбангIалиевас борхана хъутабазда ругел гIадамазе ЦЗНалъ хъулухъ гьабиялъул къагIида хисизабизе ккеялъул суал. ТIад Инхо росдал бетIер МухтарахIмад МухIамадовас абуна 15 км халалъухъе инвесторас бахъараб бакIалъул кIваралъул шагьранух, нухазе хъулухъ гьабулеб гIуцIиялъ балансалде босиялде хьул бугилан.

Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министрасул ишал тIуразарулев Расул Ибрагьимов кIвар кьун гIенеккана жиндихъе рачIарал гIадамазухъ, рагIи кьуна гьенир рорхарал киналго суалал республикаялъул хIукуматалда цере лъезе ва тIураялъе кумек гьабизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Газ бачин, анкьалъ 70 чиясе хъулухъ, «Предмашук - 2018» тадбиралда гIолилазул гIахьаллъи...

### Лъедалъун ва газалдалъун хьезариялъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**9 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гьоркьор лъуна гIадамал гьоркьоса къотIичIого лъедалъун хьезариялъул, росабалъе газ бачиналъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзабаз. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас.

ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIмановас учреждениялъ араб анкьалъ гьабураб хIалтIул бицунаго абуна: «Хъулухъ гьабеян 70 чи вачIана централде. 7 июлалда Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министрасул ишал тIуразарулев Расул Ибрагьимовас Бакълъулазул районалда гIадамал къабул гьаруна. Гьенир рорхарал суалал тIадегIанал идарабазухъе щвезаризе руго».

(Ахир - 2 аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Авартеатралда – татар спектаклял

-2 гьум.



Улка цебетIей ва гIадамазул яшав лъикIлъи налогазда бараб буго

-2 гьум.



Медалазе щуго яс мустахIикълъана

-3 гьум.



Хъизаналъул, ритIухълъиялъул ТIолгороссиялъул байрам баркана

-3 гьум.

ПАРДАВ

# Авартеатралда – татар спектаклял

## МагIарул драматургиялъул ва театралъул хIакъалъулъ пикраби

**Исана 10 июлалда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул драмаялъул театралъ сапар бухьана бакълъулазул ракьалде. Щибаб анкьалда гьедин магIарул мухъазде сапаразда, гастролазда руго артистал. Цересел анкьазда артистал щун рукIана Шамил районалъул ГьентIа, ГIуриб ва цоги росабалъеги.**

### Кинабго къватIиса: картошка, гIеч, пьеса…

10 июналда магIарул театралъул вакилзабаз МелъелтIа бихьизабуна татаразул драматург, хъвадарухъан ва публицист Туфан Миннуллинил (1935 – 2012 сс.) «Диляфрузил ункъо бахIарав» абураб комедиялда рекъон, лъураб «Цо ясалъул ункъо бахIарав» абураб спектакль.

Гьеб театралъулаб асар сценаялда лъун буго Дагъистаналъул халкъияй артистка Наира ХIайбулаевалъ, гьелъул режиссураялда рекъон. Гьеб спектаклялда Диляфрузил роль хIана Дагъистаналъул мустахIикъай артистка Машидат ГIумарасхIабовалъ. Диляфрузил хIабал» кколаан Шакур (Дагъистаналъул мустахIикъав артист ГIабдулхаликъ ГIабдулхаликъов), Ямил (Салим Камилов), ИсмагIил (ИбрагьимМуртазагIалиев) ва ХIалим ХIурматович (НурмухIамад НурмухIамадов). Цоги рокьул чвахи букIана Амурилги (Мурад ХIажиев) Сажидалги (Мадина МухIамадрасулова).

ГIаммаб куцалда абуни ва босани, спектакль чIамучIаб букIинчIо. ЧIаголъиялда хIана артистаз ролал. МагIарул театралде росун лъагIелцин бачIел артистазги лъикIаланго бажари бихьизабуна сценаялда.

ТIадагьаб комедиялъул жанр къабул гьабула хасго гIолохъанаб гIелалъ. ГIолилазе ругьунаб, гьезда бичIчIулеб, гьезул мацIалда хъвараб гIадаб асар бугоан гьеб. Пьеса татар мацIалдаса магIарул мацIалде буссинабун буго. Квешаб таржама гьечIоан. Амма гьоркьо-моркьор гIурус рагIаби ва тIубарал рагIабазул дандраял хIалтIизаричIогоги чIезе кIоларо магIарул театралъул вакилзабазда.

Цо кIудияб, бицинегIанасеб сюжет гьеб комедиялъул гьечIо. Ункъо гIолилав вуго по пуланаб росулъ цо ясалда сверухъ лъугьун. Сажидаги Диляфрузги гьудулзабиги рукIун, гьез хIилла ургъула «чIухIарал, гIамал кIудиял» васал ралъаргъизе – гьел ахIула цого заманалда цоцаздаса балъго рицIцIил гьотIокье дандчIваялде. Спектаклялъул тIоцебесеб бутIаялда, актазда гьеб дандчIваялде хIадурлъи букIана, кIиабилеб актазда гьеб лъарахъ бугеб рицIцIил гьотIокь ккана ишал.

Шакурица малацагун заруца чIвалев вугониги, ИсмагIил абурав гIолилав хъамун нахъеги инчIо. Кутакалда газеталгун журналал цIалулев, лъадиги гьечIого херлъулев вугев ХIалим ХIурматович абурав хIараги вукIана гьенив. Персонажазул, комедиялда гIахьаллъулезул рукIана гIумруялдаса росарал, ургъун рахъичIел гIадал сипатал ва хасияттал.

Ахирги гьей Диляфруз Ямилие щвана ва пардав къана.

Авартеатралъул репертуаралъул ва санайил рихьизарулел спектаклязул гIемер бицен ккола интеллигенциялъул вакилзабазда гьоркьобги. Театралъул гIоркь ккурал чагIаз абула магIарулаз цIиял пьесаби хъвалел гьечIилан, гьединлъидал, жидеца къватIиса авторазул, цоги регионалдаса ва улкабаздаса драматургазул асараздаса пайда босулилан.

Амма… МагIарул театралъул гьумерлъун, чIухIилъун, гIаламатлъун ругел спектаклял рукIине ккела репертуаралда, гьезда хIур ккезе тей битIун гьечIо. Щай щибаб соналъ дунялалъулго театразда лъолел Эсхилил, Шекспирил ва цогидазулги пьесабаздасан асарал? «Гамлет» буго классика. Амма магIарул халкъалъулги буго классика. Гьеб кIочон тани, нилъ щал кколел?

### Миллияб театралъ халкъалъул хасият бихьизабизе ккола

Щай Авартеатралъ, таманал гьурщалги хвезарун, Азербайжаналъул машгьураб «Аршин мал алан» абураб спектакль лъезе кколеб, «МугIрузул ГIали» щай цIикIкIун бихьизабулареб? Бокьани, авар халкъалъул тарихги, къисабиги, асаралги гIезегIан руго. Бокьун гьечIого буго миллияб мадахият цебетIезабизе.

ГIемерал хIалбихьиял рукIана Шамил имамасул заманалъул тарих сценаялдасан бихьизабизе. Амма жакъа къоялде щвезегIанги гьеб масъала тIубазе кIун гьечIо.

Вертолеталцин роржинаруна магIарул театралда. Амма нилъер халкъалъул рухIияб ва миллияб рахъ бихьизабизе захIмалъулеб буго.

ГIабасил МухIамадил «Саба-меседо», «Камалил Башир», «ХъахIабросулъа МахIмуд» абурал таватуразда рекъон, лъурал спектаклялги цIигьаричIо Авартеатралъ. Театралъе цIар къурав ЦIадаса ХIамзатил асаралги рихьулел гьечIо гьелъул сценаялдасан. Гьединал мисалал гIемер рехсезе бегьула.

Гьанже миллиял мацIазе, культурабазе ва литературабазе захIматал сонал рещтIана. Кин букIаниги, мацIалъулги, тарихалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги гьансито ккола театр. 1941 соналда КIудияб ВатIанияб рагъде ун руго Авартеатралъул гIолилазул къокъа. Гьедин фашизм къезабиялъе гIоло чангияз рухIалги кьун руго. Бечедаб, кIудияб тарих буго магIарул театралъул. БокьилаанжибогоТеатргидагьаб халкъалдехун гьумер битIун буссани, халкъалъги миллияб театралъул хIурмат гьабуни.

**ГIизудинил ХIамзат**

# Газ бачин, анкьалъ 70 чиясе хъулухъ, «Предмашук - 2018» тадбиралда гIолилазул гIахьаллъи…

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**



ГIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Эсенбулатовас тIадчIей гьабуна социалияб бутIаялда бугеб хIалалда, коммуналиял хъулухъал щолезе гIарац кьезе букIиналда.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIерасул заместитель Сакинат УхIумасултановалъ бицана райцентралде лъим бачараб мухъ къачIалеб бугин, газ бачунел гIуцIабазулгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабиялъул суалал роржулел ругин.

Бакълъулазул районалъул гIолилазул вакилзабаз гIахьаллъи гьабулеб буго «Предмашук – 2018» тадбиралда, гьединго гIахьаллъулел руго конкурсазда, къеркьолел руго грантал щвеялъе гIоло. Гьелъул хIакъалъулъ информация кьуна Бакълъулазул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

Районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана росабалъе газ бачиналъул рахъалъ гьабулеб бугеб хIалтIул.

«Газ бачиналъул хIалтIи гьабулел гIуцIабазул специалистал щвана Аргъвани, ЛъаратIа, Ингишо, Данухъ росабалъе, дандчIвана бакIалъул нухмалъулелгун, «Ростелеком» ПАОялъул хIалтIухъабигун, энергетикалгун. Унеб буго гьел росабазул ракьалдасан газил мухъал рачиналъул хIалтIи. Хадубккун тIубазабизе кколеб хIалтIуеги къотIи-къаял гьарулел руго», - ян абуна ХIажимурад АхIмаднабиевас.

Гьес гьединго ракIалде щвезабуна лъикIаб качествоялъул лъим чIезабиялъул, росабалъ нагагь цIа ккани лъел хIавузал гьаризе ккеялъул суалазул кIвар буголъи, муниципалитетазул нухмалъулезулгун видеоконференциялда Дагъистаналъул бетIерас гьел суалал аслиязда гьоркьор рехсараллъи.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас бицана лъайкьеялъул бутIаялда бугеб хIалалъул.

«Нижецца хIасилал гьаруна ЕГЭ кьеялъул. Пачалихъиял экзаменал кьей битIун гIуцIиялде школазда хасаб кIвар буссинабун буго. 2016 – 2017 цIалул соналъ школлъималазул цIалуда хадургъей 82,8 процент букIараб батани, 2017 – 2018 цIалул соналъ 89,4 проценталде бахана. Лъимал роолил сахгьариялъулгун хIухьбахъиялъул лагеразде ритIулел руго. Школазда ремонт гьабулеб буго, цIалул тIахьал ругищан халгьабулеб буго», - ян абуна ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицана районалъул администрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, налогал ракIариялъул планал жиндир заманалда тIуразе ккеялда, щибаб магIишатияб бутIаялда церетIеял рукIинариялъе гIоло жигаралда хIалтIизе ккеялда тIадчIей гьабуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

# Улка цебетIей ва гIадамазул яшав лъикIлъи налогазда бараб буго

## Бакълъулазул районалда тIобитIана налогал ракIариялъул хайир борхизабиялъул суалгун данделъи

**10 июлалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана налогал ракIариялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, Россиялъул Федералияб налоговияб хъулухъалъул Дагъистан Республикаялда бугеб районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул нухмалъулев МухIамаднаби Набиев.**

Данделъиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас, муниципалитеталъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас, РФялъул Федералияб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул Гумбеталда бугеб отделалъул кIудияй Асият ГIумарахъаевалъ, районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, росабазул администрациязул бутIруз, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулез, школазул, лъималазул ахазул нухмалъулез, налоговияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз ва цогидазги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

«Улка цебетIей ва гIадамазул яшав лъикIлъи бараб буго налоговияб политикаялъул бергьенлъабазда. Социалиял ва пачалихъияб кIвараралъул цогидалги суалал тIуразе ккани хIажалъула щулияб налоговияб база букIине ва гьел ракIари гIуцIа-къан тIобитIизе. Гумбеталда налогал ракIари лъикI гIуцIула. Налогазул щибаб тайпаялъул планал тIуразариялде кIвар кьола.

Салам кьола жакъасеб данделъиялъул гIахьалчагIазе. РакIчIараб буго гьаб дандеруссиналъги кумек гьабилин налогал рецIулаго гIадамазда дандчIвалел захIмалъаби къезаризе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул нухмалъулев МухIамаднаби Набиевас хитIаб гьабуна жиндир заманалда налогазул щибаб тайпа бакIареян.

«Жакъа нилъеца халгьабулел суалазулъ аслияллъун ккола кIигояб: страховиял взносал ва буголъиялдаса налог бакIари. Цо-цо гIуцIабазда, учреждениязда, юридическиял лицабазда хадуб налогазул налъи буго. Гьеб хехго бецIизе ккола ва налогал ракIариялъул план тIубазе ккола», - ян абуна МухIамаднаби Набиевас.

Данделъиялда кIалъазе рахъана № 12 налоговияб инспекциялъул Гумбеталда бугеб отделалъул кIудияй Асият ГIумарахъаева, финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, муниципалитеталъул централизованнияб бухгалтериялъул бетIерав бухгалтер ГъайирбегАхIмадов ва цогидалги.

Налоговиял хъулухъазул хIалтIухъабаз росабазул поселениязул бутIрузул, школазул нухмалъулезул ва цогидазулги суалазе жавабал кьуна. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва налогал ракIари гIуцIа-къан тIоритIизе тIадкъаял кьуна.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## Медалазе щуго яс мустахIикълъана

### Бакълъулазул районалда кIодо гьаруна медалал щварал выпускникал

**11 июлалда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас школазул выпускниказе кьуна «ЦIалулъ хасал бергьенлъабазе гIоло» медалал. Медалал щваразда гьоркьор руго МельелтIа гьоркьохъеб школа лъугIарал Чакар ГIалибегова ва Камсият Астимирова, Игьали гьоркьохъеб школа лъугIарал Гогьар Тажудинова ва Замира Таймударова, ЧIиркьатIа гьоркьохъеб школалъул выпускница Зайнаб ГIалимирзаева.**

хIажалъи буго Бакълъулазул районалда, улкаялда. Нух битIаги нужее», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Баркиялъулал ва нухбитIиялъулал рагIаби абуна кIальазе рахъарал районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас, МельелтIа ДЮСШялъул нухмалъулев Барти Астимировас, Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев СагIид МухIамадовас, ЧIиркьатIа гьоркьохъеб школалъул выпускнияб классалъул классрук МухIамад МухIамадовас ва цогидазги. Выпускниказул рахъалдасан кIальана Гогьар Тажудинова.



Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас школал лъугIаразда баркана ва гIумрудул нухда цIия-цIиял бергьенлъаби гьарана.

«Выпускникал – медалистазда, гьезул умумузда ва мугIалимзабазда баркула школа тIадегIанал хIасилалгун лъугIин. Нужеца республикаялъул олимпиадабазда, конкурсазда, проектазда бергьенлъаби росана. ТIаса бищун буго цIализе лъугьунеб бакI. ТIадегIанаб махщалил специалистал рахъаги нужер. Махщалилазде кIудияб

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас выпускниказе кьуна «ЦIалулъ хасал бергьенлъабазе гIоло» медалал, хIурматалъул грамотаби, тIахьал ва цогидалги сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

ИСЛАМАЛЪ ВАЦIЦIАД ГЬАВУЛА ИНСАН

## Багьавудинил сахавалъи

### ЦIияб мажгит балеб бакIалда кьучI лъуна

Бакълъулазул районалъул администрациялъул вакилзабаз ва диниял церехъабаз гIахьаллъи гьабуна ЛъаратIа росдал ракьалда шагьранухда балеб бугеб мажгиталъул кьучIда тIоцебесеб гамачI лъеялда. гьабуларо. Гьединлъидал мажгитал цIикIканагIан нилъер жамгIиятги лъикI букIуна, социокультурияб рахь бацIцIадаб букIуна. Божула гьаб мажгит баялъул хIалтIи хехго лъугIизе букIиналда.




Мажгит базе байбихьиялда хурхун тIобитIараб дандеруссиналда кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хьарагишиев, районалъул имам Шамил Назиров, ЛъаратIа росдал имам КъурбанхIажи ГIимранов, Ингишо росдал имам ГIумар МухIамадов, жамгIиял церехъаби ва цогидалги.

Бакълъулазул районалда кIудияб кIвар кьолеб буго гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул, ВатIан бокьиялъул тарбия кьеялде. Нухмалъиялъги, диниял гIуцIабазги, цогидал жамгIиял цолъабазул вакилзабазги цадахъ лъугьун къеркьей гьабизе ккола экстремизмалда данде. Киниялдасаго лъимералъе кьезе ккола унго-унгояб исламияб тарбия. Исламалъ вацIцIад гьавула инсан. Мажгиталъуве вачIунев, гьениб как балев, лъикIаб тIабигIаталъул чияс таксир

Баркала загьир гьабула предприниматель Багьавудин ГьазихIмаевасе, гьаб Аллагьасул рукъ баялъе кумек гьабурав, Бакълъулазул районалъул нухмалъулезул рахъалдасанги баркала кьола мажгит баялда гIахьаллъулел киназего», - ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

Меценат ва бизнесмен Багьавудин ГьазихIмаевас абуна нухлъулазе санагIалъиялъе Хасавюрт-Кьохъ, Сагьри-МельелтIа нух цолъулеб бакIалда мажгит базе цебего хIисабалде босун букIанин. ХIалтIи гьабизе бугин гьеб хехго бан лъугIизабиялъегиян.

ЦIияб мажгит балеб бакIалда тIоцебесеб гамачI лъеялъул хIурматалда тIобитIараб дандеруссиналда кIалъазе рахъана районалъул имам Шамил Назиров, росабазул имамзаби.

**«Гумбет» РИО**

## Хъизаналъул, ритIухълъиялъул ТIолгороссиялъул байрам баркана

**Хирияв аварагасул (с. т. гI. в.) хIадис буго: «Щив чи вугониги жинца муъминчиясе тарих хъвалев, гьеб релъуна гьев чIаго гьавиялда, щив чи вугониги муъминчиясул тарих цIалун, гьеб релъуна гьесухъе зиярат гьабиялда ва щив чи вугониги муъминчиясухъе зиярат гьабун гьев мустахIикълъула Алжаналда жанив Аллагьасул разилъиялъуль букIине».**



КигIанго загIипаб бугониги, диеги бокьун буго цодагьаб калам гьабизе лъикIал гIадамазул хIакъалъулъ. ЛъаратIа росдал жамгIаталда лъала жидер росуцояв Мухтар НурмухIамадовги гьесул лъади Хадижат МухIамадоваги росолъго мисалияб хъизан букIин. Гьел дандельаралда буго 57 сон. Гьезул буго 5 лъимер, киналго рукъалда руго, гьезулги лъималги, лъималазулги лъималги руго. Рос-лъадиялъги кIиябго васасги фаризаяб хIаж-гIумраги тIубана жидергоги кIудиял умумузулги. Рос-лъади мустахIикъаб хIухьбахъиялда руго. Гьеб хъизаналъул бугеб сабруги иманги умумуздасан (жидер мунагьал чураял) ирсалъе щун бугин абизе бегьула, щайгурелъул гьелъие гIезегIан мисалал руго. Инсанасул гIумруялда жанир ккола гIемерал хиса-басиял, кьварилъаби ва гIатIилъаби. Цо гьадинаб хIужа ккана 1967 соналъул март моцIалда. РакIалдаго гьечIого Мухтар авариялде ккана. Гьев больницаялде хехаб кумекалъул машинаялда восулеб мехалъ, рухI бахъулев вугев чи больницаялдегIаги щайин восулевин абулелги ккана. Авария ккараб бакIалде гьесул эбел щвараб мехалъ, васасда рухI бугищан цIехон буго. Бугин гIадамаз абурабго, щукруялъул какги бан, Аллагьасде щукру, рецц гьабун буго. Авария ккун букIана федералияб шагьранухда. Гьенив тIаде вачIарав сапаралда вугев цо цIаларав чияс цIехон буго гьай как балей гIадан щий абун, гьесда бицун буго васасул эбел йигин. Гьес абун буго, Аллагьас гьев васасе гIумру халат гьабизе рес бугин, эбелалъ гьабураб сабру бихьун.

Мухтарил эменги имгIалги КIудияб ВатIанияб рагъдаса тIад руссинчIо. Гьесул кIудияв умумули росдал гIадамазе цIакъ пайда бугел гIадамал рукIанинги абула.

Мухтар живгоги, хъизанги кидаго кьварилъи – гIатIилъи кканиги, пайдаялъе ратулел гIадамал руго. Дагьаб цебегIан кIодо гьабураб хъизаналъул, рокьул ва ритIухълъиялъул ТIолгороссиялъул байрамалда хурхун, гьезухъе гьоболлъухъ ва баркизе ун рукIана маданиял хIалтIухъаби. Нижеца ракI-ракIалъ гьарулеб буго гьезие ва гьезул хъизан-агьлуялъе халатаб талихIаб гIумруги, камилаб иманги, кьабулаб тавбуги, ритIухъаб ракIги, цIодораб мацIги, киналго унтабазе даруги, дунял-ахиралъул рукъоб икъбал талихIги, Аллагь разияб куцалда хьвадизе истикъамат тавпикъги.

**Бика ГьазихIмаева, ЛъаратIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей**

ТIИБ

## Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги - тохтурзабазе баркала

**Гьарадирихъ йигей медсестра ХIапизат ГIалихIажиеваль МельелтIе больницаялдеги ахIун, дун унтун вукIиналъ бачIине гьабуна хехаб кумекалъул машина.**

Дида хадур Гьарадирихъе рачIун рукIана дежурствоялда ругел тохтурги фельдшерги. Дун гьез вачана больницаялде ва гьенив вегизавуна. СагIат иналде дун вачана интенсивнияб палатаялде. КIиго къоялдасан ячIана лъадиги больницаялде, сахарный диабет унти сахгьабизе.

Гьейги егизе гьаюна дун вугеб палатаялда. Дун анкьил болжалалда рукIалиде вачIана. МахIачхъалаялда дун 2 моцIалъ хьвадана сахгьавизе стационаралде. Москваялда дица бана май моцI. Гьениб кибго букIана цо интерес, чиясул унтул гуреб, гIарцул. РакIалде ккана кин МельелтIа больницаялда, гьадигIан тIадегIанаб къадруялда магIарул намусги, яхIги, сахлъиги чиясул халгьабичIого цIунизе кIварабали.

Нижее бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе ниж гьадигIан берцинго къабул гьарурал ва сахгьарун рокьоре нухда регIарал бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовасе, хирург ГIабдулбасир Жамалудиновасе, терапевт ГIабдухаликъ ГIалиевасе, невропатолог МухIамадхIабиб Абакаровасе, терапиялъул отделениялъул кIудияй сестра ХIавра РурухIмаевалъе, дежурналъи гьабулел сестраби Марзигат Мусаевалъе, Марзигат ХIамзатовалъе, ПатIина УхIумагIалиевалъе, гьеб отделениялда хIалтIулел санитаркабазе.

Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги гьездаса.

**Саламгун ШугIайп Насрулаев, Чакар ХIусенова, Гьарадирихъ росу**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

## Решение № 53

27 июня 2018 г. с. Мехельта

### О проекте Решения Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район»

**На основании статьи 44 Устава муниципального района «Гумбетовский район» с целью приведения Устава муниципального района «Гумбетовский район» в соответствие с Федеральными законами от 29.07.2017 №279-ФЗ, от № 299-ФЗ, от 05.12.2017 № 380-ФЭ, от 05.12.2017 № 389-ФЗ, от № 392-ФЗ, от 29.12.2017 № 455-ФЗ, которыми внесены изменения в Федеральный закон от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов МР «Гумбетовский район» решило:**

Принят прилагаемый проект Решения Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» за основу.

Главе муниципального района «Гумбетовский район» опубликовать проект Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» в районной газете «Гумбет» и на официальном сайте МР «Гумбетовский район».

**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Х. С. Магомедов**
**Председатель Собрания депутатов**
**М. М. Ахмедов**

**Приложение**
**к решению Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» от 27.06.2018 г. №53**

**Статья 1:**

в части 1 «В наименовании Закона Республики Дагестан от 13.01.2005 г. №6 «О статусе и границах муниципальных образований Республики Дагестан» слова «и границах» исключить»;

**Статья 6:**

часть 1 дополнить пунктом 4.1 следующего содержания:

«4.1) осуществление в ценовых зонах теплоснабжения муниципального контроля за выполнением единой теплоснабжающей организацией мероприятий по строительству, реконструкции и (или) модернизации объектов теплоснабжения, необходимых для развития, повышения надежности и энергетической эффективности системы теплоснабжения и определенных для нее в схеме теплоснабжения в пределах полномочий, установленных Федеральным законом «О теплоснабжении»;

**«Статья 7:**

пункт 11 части 1 изложить в следующей редакции:

«11) создание условий для организации проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в порядке и на условиях, которые установлены федеральными законами, а также применение результатов независимой оценки качества условий оказания услуг организациями при оценке деятельности руководителей подведомственных организаций и осуществление контроля за принятием мер по устранению недостатков, выявленных по результатам независимой оценки качества условий оказания услуг организациями, в соответствии с федеральными законами»;

**4) Статья 8:**

а) дополнить часть 1 пунктом 7.1 следующего содержания:

«7.1.) полномочиями в сфере стратегического планирования, предусмотренными Федеральным законом от 28 июня 2014 года № 172-ФЗ «О стратегическом планировании в Российской Федерации»;»

б) пункт 7 части 1 изложить в следующей редакции:

« 7) организация сбора статистических показателей, характеризующих состояние экономики и социальной сферы муниципального района, и предоставление указанных данных органам государственной власти в порядке, установленном Правительством Российской Федерации»;

**«Статью 16** изложить в новой редакции:

«Статья 16. Публичные слушания, общественные обсуждения.

Для обсуждения проектов муниципальных правовых актов по вопросам местного значения с участием жителей муниципального района Собранием депутатов, главой муниципального района могут проводиться публичные слушания.

Публичные слушания проводятся по инициативе населения, Собрания депутатов или главы муниципального района.

Публичные слушания, проводимые по инициативе населения или Собрания депутатов, назначаются Собранием депутатов, а по инициативе главы муниципального района - главой муниципального района.

На публичные слушания должны выноситься:

проект устава муниципального района, а также проект муниципального нормативного правового акта о внесении изменений и дополнений в данный устав, кроме случаев, когда в устав муниципального района вносятся изменения в форме точного воспроизведения положений Конституции Российской Федерации, федеральных законов, Конституции Республики Дагестан или законов Республики Дагестан в целях приведения данного устава в соответствие с этими нормативными правовыми актами;

проект местного бюджета и отчет о его исполнении;

проект стратегии социально-экономического развития муниципального района;

вопросы о преобразовании муниципального района, за исключением случаев, если в соответствии со статьей 13 Федерального закона от 06.10.2003 №131-ФЗ для преобразования муниципального района требуется получение согласия населения муниципального района, выраженного путем голосования либо на сходах граждан.

Порядок организации и проведения публичных слушаний по проектам и вопросам, указанным в части 3 настоящей статьи, определяется уставом муниципального района и нормативными правовыми актами Собрания депутатов и должен предусматривать заблаговременное оповещение жителей муниципального района о времени и месте проведения публичных слушаний, заблаговременное ознакомление с проектом муниципального правового акта, другие меры, обеспечивающие участие в публичных слушаниях жителей муниципального района, опубликование (обнародование) результатов публичных слушаний, включая мотивированное обоснование принятых решений.

По проектам генеральных планов, проектам правил землепользования и застройки, проектам планировки территории, проектам межевания территории, проектам правил благоустройства территорий, проектам, предусматривающим внесение изменений в один из указанных утвержденных документов, проектам решений о предоставлении разрешения на условно разрешенный вид использования земельного участка или объекта капитального строительства, проектам решений о предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объектов капитального строительства, вопросам изменения одного вида разрешенного использования земельных участков и объектов капитального строительства на другой вид такого использования при отсутствии утвержденных правил землепользования и застройки проводятся общественные обсуждения или публичные слушания, порядок организации и проведения которых определяется нормативным правовым актом Собрания депутатов с учетом положений законодательства о градостроительной деятельности.

Заключение по результатам публичных слушаний подлежит опубликованию (обнародованию).

**«Статья 25:**

пункт «5» части 1 изложить в следующей редакции:

«5) утверждение стратегии социально-экономического развития муниципального района;».

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Медицинское обеспечение паломников при подготовке к хаджу 2018 года

**На основании приказа Министерства здравоохранения Республики Дагестан №669-Л от 05.07.2018 года медицинскому обеспечению паломников при подготовке к хаджу 2018 года уделяется пристальное внимание.**

В соответствии с требованиями Министерства здравоохранения Королевства Саудовский Аравии (КСА), в 2018 году все пребывающие на хадж поломники должны иметь действующие международные сертификаты о вакцинации с отметкой о проведении иммунизации против менингококковой инфекции четырехвалентной вакциной.

Вакцинация должна быть проведена в сроки не менее чем за 10 дней и не более чем за 3 года до прибытия в КСА с указанием даты иммунизации и серии вакцины. Кроме того, паломникам до прибытия на хадж и умру рекомендовано провести вакцинацию против сезонного гриппа. Основанием для получения виз для совершения хаджа является наличие у паломника международного свидетельства о вакцинации. Также паломникам необходимо пройти углубленный медицинский осмотр с последующим получением справки о состоянии здоровья.

Рекомендуется воздержаться от совершения хаджа лицам, страдающим хроническими заболеваниями (болезни сердца, печени, почек, диабет, ожирение, любые другие заболевания, влияющие на состояние иммунитета), в период обострения, беременным женщинам.

Паломникам, не привитым против дифтерии, и тем, у кого после последней вакцинации прошло 10 лет, необходимо провести вакцинацию против дифтерии с выдачей сертификата профилактических прививок и указанием даты вакцинации и серии вакцины.

Провести вакцинацию паломникам против кори (не привитых, не болевших и привитых однократно).

Паломникам необходимо знать, что существует высокий риск заражения инфекционными болезнями в период совершения хаджа и при наличии симптомов респираторных заболеваний необходимо обращаться к врачу. После прибытия паломников на родину в течение 21 дня они должны находиться под наблюдением медицинских работников и, при появлении первых симптомов холеры, гриппа, малярии и БВВЭ, должны быть проведены должные противоэпидемические мероприятия.

Для получения прививки четырехвалентной вакцины против менингококковой инфекции жители Гумбетовского района могут обратиться в Ботлихскую ЦРБ.

**Магомед Сайгидахмедов,**
**главный врач Гумбетовского ЦРБ**

ЗИГАРАБИ

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГIабдулхIамид ГIабдулкъадировасда, ункъгIал ПатIимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

* * *

**ГIолохъанго ГIабдула гIумруялдаса ватIалъиялда бан, «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулесул заместитель ГIалимчилав ГIалимчилаевасда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго.**

**Хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гьеб кIудияб къварилъи хIехьезе сабруги ва халатаб гIумруги кьеги.**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.